




Limye Pou Lekol La

Novanm / Desanm 2010

Sove, Sove Nèt

David L. Martin

Kretyen kèkfwa konn kanpe sou de (2) pozisyon estrèm. Yon bò di: « Yon fwa mwen sove, mwen sove nèt, menm si mwen ta fè nenpòt bagay ». Lòt la di: « Pèsonn pa kapab genyen asirans delivrans ».

Verite a rete nan mitan de lide sa yo. Senyè a vle nou rejwi paske nou sou wout pou ale nan syèl la, e nou kapab chante: « Quelle assurance, je suis sauvé ! » Anmenmtan, Li vle nou pran prekosyon pou nou pa tonbe, jan yon chan di nan lang anglè a: « Kretyen, mache avèk prekosyon ; paske danje a pre ».

Wa David te di: « Sèvi Senyè a avèk krentif, tranble nan tout kò nou » (Sòm 2 :11). Byen reflechi sou sa: « Sèvi Senyè a avèk krentif, tranble nan tout kò nou ». Nan lang fransè a e nan lang anglè a li di: « Sèvi Senyè a avèk krentif e rejwi avèk tranbleman ».

Yon Pawòl Pou Moun K'ap Rejwi

« Sove, sove nèt » se yon bèl pawòl, depi ou mete yon si nan fen deklarasyon an. « Sove, sove nèt si ». Se pa plis oubyen mwens pase sa Bib la di.

Jezi te di Jwif ki te kwè nan Li yo: « Si nou kenbe pawòl Mwen yo nan kè nou, nou se disip Mwen vre » (Jan 8 :31).

Pòl te ekri nan yon lèt: « Frè m' yo, mwen vle fè nou sonje bon nouvèl mwen te anonse nou an, bon nouvèl nou te resevwa a... Se li menm k'ap delivre nou tou, depi nou kenbe l jan mwen te anonse l ban nou an » (1 Korentyen 15 :1, 2). Nan yon lòt lèt, li te ekri: « Bondye fè nou byen avè L ankò pou nou ka parèt devan L tankou moun k'ap viv apa pou Li, san okenn tach, san okenn repwòch. Men, gen yon kondisyon pou sa: se pou nou rete fèm, byen anrasinen nan konfyans nou, san nou pa pèdi espwa nou genyen depi lè nou te tande bon nouvèl la » (Kolosyen 1 :21-23).

Ebre 3 :6 di: « Men, Jezikri te fè travay Li tankou yon pitit Bondye te mete chèf kay Li. Se nou menm ki kay Bondye a, depi nou pa janm dekouraje, depi nou pa janm pèdi konfyans, depi nou pa janm wont sa n'ap tann lan ». Pyè di: « Si nou fè sa, nou p'ap janm tonbe » (2 Pyè 1 :10). Jan te ajoute: « Si nou fè sa Bondye mande nou fè, lè sa a nou mèt sèten nou konnen Li » (1 Jan 2 :3).

Pa panse ou kapab pran woulib ale nan syèl la. Men kèk bagay pratik Senyè a di nou fè si nou vle Li resevwa nou nan dènye jou a.

Se pou nou rekonesan. Pòl te di nan Women 1 :21: « Yo te konn Bondye byen pwòp, men yo pa bay Bondye lwanj ki pou Li, yo pa di L mèsi jan L merite l la ».


Se pou nou gen viktwa sou peche. Tout abitud peche, plezi lachè dwe abandone. Premye Jan 3 :8 di: « Moun k'ap kontinye viv nan peche, se moun Satan yo ye, paske Satan ap fè peche depi nan kòmansman ».

Se pou nou fidèl nan lapriyè e nan li Bib la. Se yon fason pou nou fè yonn ak Jezi. Jezi te di nan Jan 15 :6 ke branch ki pa fè yonn ak pye rezen an, yo koupe yo, « yo ranmase yo, yo jete yo nan dife, yo boule yo ».

Se pou nou obeyisan. Jezi te di nan Lik 6 :46: « Poukisa n'ap plede rele Mwen: Mèt, Mèt, epi nou pa fè sa M di nou fè ? »

Se pou nou ze. Pataje Levanjil la avèk yon zanmi oubyen yon vwazen. Se yon fason pou ou ze. Jezi te di kèk swadizan kretyen: « Men, ou tyèd, ou pa cho, ou pa frèt. Mwen pral vomi ou sòti nan bouch Mwen » (Revelasyon 3 :16).

Pran prekosyon. Vèsè 17 nan 2 Pyè 3 di: « Pran prekosyon pou nou...pa pèdi pozisyon kote nou kanpe fèm lan ». Kretyen,



mache avèk prekosyon !

Yon Pawòl Pou Moun K'ap Tranble

Petèt ou wè danje toupatou e ou reyalize ke genyen anpil danje plis pase sa ou wè. Sa bon, men sonje ke pwen fò sa a nan ou kapab yon feblès tou. Pandan kreyen konfyans an bezwen kenbe si a devan yo, ou bezwen fè atansyon pou ou pa sèlman wè si a nan chak vèsè nan Bib la e gade avèk plis dilijans nan pwomès ki vini apre a.

Kisa Jezi te di ankò ? « Si nou kenbe pawòl Mwen yo nan kè nou, nou se disip Mwen vre ». Kisa Pyè di ? « Si nou fè sa, nou p'ap janm tonbe ». Ki siyifikasyon sa Jan te di a ? « Si nou kenbe pawòl Bondye nan kè nou, nou gen asirans nou konnen Li ».

Jan te di ankò : « Men, si nou rekonèt devan Bondye nou fè peche, nou mèt gen konfyans nan Li. Paske L'ap fè sa ki gen pou fèt la : L'a padonnen tout peche nou yo, L'a netwaye nou anba tout sa ki mal » (1 Jan 1 :9). E ankò : « Men, si nou yonn renmen lòt, Bondye fè yonn ak nou. Konsa, n'a renmen tout bon, jan Bondye renmen an » (1 Jan 4 :12).

Gade tou ki jan Bondye fò e kapab pran swen nou. Jid di ke Bondye kapab kenbe nou pou nou pa tonbe. Li kapab fè nou parèt san repwòch ak kè kontan devan L nan tout bèl pouvwa Li (Jid 24). Pòl di : « . . . mwen konnen nan ki moun mwen mete konfyans mwen. Mwen sèten Li gen pouvwa pou L konsève sa L te ban mwen an jouk gran jou a va vini » (2 Timote 1 :12). Pòl di ankò : « Kounyeya m'ap renmèt nou nan men Bondye avèk mesay favè Li a. Se Li menm ki ka fòtifye nou, ki ka ban nou tout bon bagay Li sere pou tout moun ki pote non Li » (Travay Apòt 20 :32). Ekriven Ebre a di : « Se poutèt sa, depi kounyeya, epi pou tout tan, Li ka delivre tout moun, L'ap fè yo pwoche bò kote Bondye paske Li menm Li toujou vivan, L'ap lapriye Bondye pou yo » (Ebre 7 :25).

Nan pwen sa a yon moun kapab di : « Mwen konnen Bondye kapab, men mwen toujou pa gen asirans pou tèt mwen ! » Se vre, paske Bondye kapab pa vle di nou p'ap janm tonbe. Men, èske se doute ou ap doute tèt ou oubyen èske ou ap doute Bondye ? Èske se pa manke ou manke lafwa ? Bib la di : « Nou konnen pèsonn pa ka fè Bondye plezi si li pa gen

konfyans nan Bondye. Moun ki vle pwoche bò kote Bondye, se pou yo kwè gen yon Bondye, yon Bondye k'ap rekonpanse tout moun ki chache Li » (Ebre 11 :6).

Bib la di byen klè ke Bondye pa andikape poutèt Li dwe travay atravè moun fèb tankou nou. Pòl di : « Paske, se Bondye menm k'ap travay tout tan nan kè nou. Se Li ki ban nou anvi fè sa ki pou fè L plezi ansanm ak fòs pou nou ka fè l vre » (Filipyen 2 :13).

Pyè pale konsènan yon « eritaj ki p'ap janm pouri, ki p'ap janm sal, ni ki p'ap janm pèdi frechè li, eritaj Li sere pou nou nan syèl la. Paske nou menm nou gen konfyans nan Li, Bondye ap pwoteje nou ak pouvwa Li jouk L'a delivre nou jan sa pral parèt aklè nan dènye tan an » (1 Pyè 1 :4, 5).

Pòl di ankò : « Men, Bondye Li menm toujou kenbe pawòl Li : Li p'ap kite yo tante nou yon jan ki depase sa nou ka sipòte. Men, lè nou va anba tantasyon an, L'a ban nou fòs pou nou ka sipòte l, pou nou ka sòti anba li » (1 Korentyen 10 :13).

Pòl te konnen Senyè a byen. Se poutèt sa li te vin genyen anpil lafwa jouk li te menm sanble ap vante tèt li. Men, swiv byen kouman li te bay Senyè a tout lwanj. « Senyè a va toujou delivre m nan tout move pa. L'ap konsève m pou m ka antre nan peyi kote Li wa nan syèl la. Se pou Li tout lwanj pou tout tan. Amèn » (2 Timote 4 :18). E ankò : « Mwen sèten Bondye ki te kòmanse bon travay sa a nan nou, Li gen pou L kontinye l jouk Li va fini l nèt, lè jou Jezikri a va rive » (Filipyen 1 :6).

Moyiz te di nan vèsè ki swiv la li te yon ansyen gèye lafwa, men li sonnen tankou soupi konfyans yon timoun. « Bondye ki la pou tout tan an ap pwoteje nou. L'ap pran defans nou ak pouvwa Li ki p'ap janm fini » (Detewonòm 33 :27).

Asirans beni ! Yon fwa sove, pa gen bon rezon pou nou pa toujou sove. Delivrans nou kondisyonèl, men nou kapab reklame li avèk konfyans. Annou sèvi Senyè a avèk krentif, e rejwi avèk tranbleman.

Atik sa a sòti nan *Sword and Trumpet*, Sept. 2008
Itilize avèk pèmisyon

Pwòp nan Panse Nou

Sheldon Heatwole

Nèlson te fè yon ti poze nan fann bwa pou li siye fwon li ki t'ap swe. Apre li te fin rafrech li avèk yon ti dlo, li te kontinye travay li avèk yon chan nan bouch li. Li te santi li izole paske li te pase konbyen tan ap travay pou kont li. Travay sa a ki te menm aksyon tout tan te fè l santi li se yon wobo (machin elektwonik).

Briskeman, yon foto te vini nan lespri li – yon foto ki te twoublan anpil. Imedyatman li te sonje semenn pase lè li te ede distribye bwochi levanjil nan lavil la. Je li te tonbe sou kèk foto seksyèl ki te sal anpil. Li te mande pou Bondye netwaye lespri li anba souvni imoral sa a, men kounyeya foto a te tounen nan tèt li ankò, pi klè

pase janmen.

San efò, li te kòmanse panse sou sa li te wè. Men, apre sa li te reprann tèt li – non ! Li pa kapab pèmèt panse sal sa yo rete nan tèt li ! Li te byen deside pou li pa reflechi sou bagay sa yo, konsa li te kontinye chante : « Sere m pi pre ou, Senyè Jezi / Se pa pou monn sa a ke mwen gen dezi... ».

Èske ou te janm nan sitiyasyon tankou nan sa Nèlson te ye a ? Si ou te nan sitiyasyon konsa e ou te reponn menm jan ak li, ou gentan reyalize enpòtans pou kenbe panse nou pwòp la e ou byen konprann jwa nou jwenn lè nou gen viktwa sou tantasyon.

Pou ou kapab fè esperyans panse pwòp oubyen panse pir nan lavi nou, nou dwe konprann kisa pirte ye, e poukisa li nesesè.

Pirte – Kisa li ye ?

Pirte se eta lavi nou ki libere anba peche e anba sa ki mal. Se yon karaktè ki pa melanje avèk anyen ki pa fè Bondye plezi. Pou yon moun ki vle pir, evite peche se pa yon chwa ; men se yon bagay ki nesesè.

Pirte se yon ouvèti devan Bondye ki pèmèt Li travay nan nou e atravè nou pou netwaye lavi nou. Li gen ladan yon volonte pou denonse anbisyon chanèl. Vrè pirte mande nou mete chemen Bondye devan dezi pa nou chak jou.

Pirte se yon kondisyon nan kè a. Okenn refòm nou fè ak tèt nou pa kapab fè nou pir devan Bondye. Si nou gen nan nou move santiman, move motif oubyen move entansyon, enben kè nou pa pir. « Car il est tel que sont les pensees dans son ame » (Pwovèb 23 :7, Bib franse).

Pirte - Poukisa li nesesè ?

Baz pou pirte se sentete Bondye. Li pwòp nèt. Pa gen anyen nan Li ki tache avèk okenn tras mal. Nou menm ki kretyen oubyen nou menm k'ap di nou dwe sanble Jezikri dwe konfòme nou pou sanble avèk karaktè Li. « Paske, men sa ki ekri : Se pou nou sen, paske Mwen menm, Mwen sen » (1 Pyè 1 :16, Bib Kreyòl la). « Paske, men sa ki ekri nan Liv la : Se pou nou bon nèt, paske Mwen menm, Mwen bon nèt » (1 Pyè 1 :16, Bib la).

Senyè a kòmande nou pou nou pir oubyen pou nou pwòp. « Evite tout sa ki mal » oubyen « Kenbe tèt ou pwòp » (1 Timote 5 :22). Se pa yon chwa oubyen yon bagay nou ta sèlman renmen ; se sèl bon fason pou viv. Si lavi nou netwaye anba tout sa ki mal, nou kapab « yon veso ki itil Mèt la » (2 Timote 2 :21).

Lemonn pa zanmi pirte. Dyab la ap travay pou fè nou tonbe. Li toujou fè tout sa li kapab fè pou nou pa reyisi. Nou dwe itilize pouvwa ki disponib pou gen viktwa.

Sa gen rapò ak konsekans etènèl. Se sèl moun ki gen kè pwòp ki va kapab rete nan prezans Bondye. « Benediksyon pou moun ki pa gen move lide nan tèt yo (pir nan kè), paske y'a wè Bondye » (Matye 5 :8).

Pirte – Kouman nou dwe viv li ?

Pèsonn pa konnen panse nou, esepite Bondye, si nou pa di sa ki nan kè nou. Men gran verite a se ke karaktè nou kòmanse nan panse nou. Jezi te di : « Yon nonm ki bon, se bon bagay ase li ka rale sòti nan tout sa li genyen ki bon yo. Konsa tou, yon nonm ki mechan, se move bagay ase li ka rale sòti nan tout sa li genyen ki move yo » (Matye 12 :35). Se nou ki pou fè chwa a — desizyon pou fè oubyen pou pa fè yon bagay pran plas nan lespri nou.

Panse konvwatiz, aloufa, e enterè pèsònèl mennen nan pran avantaj sou lòt moun. Panse ki pa janti, enpoli, e sispisyon gen tandans pou fè yon moun pa kapab fè zanmi e detwi amitye. Panse kòlè fè santiman ki san kontwòl e fè nou fè sa k pa dwe fèt. Panse ògeye e awogan mennen nan aksyon siperyorite. Panse ki pran pitye pou tèt ou mennen nan dekourajman e dezespwa. Panse chanèl, sansyèl mennen nan destriksyon espirityèl, e santiman kilpabilite e echèk ki mache avèk li kapab bay kòm rezilta pwoblèm emosyonèl. Okontrè, panse ki elve, ki gen jwa, san egoyis mennen yon moun nan depase tèt li e viv byen ak lòt moun. Konsa, se klè; panse nou gen efè sou aksyon nou. Nou se sa nou panse.

Kisa ki kapab fèt pou kenbe yon lespri pwòp ? Premyèman se pou ou reyalize nesesite pou sèlman panse sou sa ki pwòp. Nou dwe konsidere panse ki sal kòm peche. Kenbe tèt ou byen di. Pa eskize tèt ou pou ou di se senpleman feblès ou. Ou dwe repanti pou panse enpir, pou panse enpwòp, pou panse sal.

Apre ou fin wete panse enpir ou yo, se pou ou avèk swen plen lespri ou avèk bagay ki pir, ki pwòp. Atravè jounen an disipline tèt ou pou panse sou vèsè Bib ou te li nan devosyon pèsònèl ou. Pèmèt Pawòl Bondye vin yon pati nan ou menm pou kè ou toujou vle plis. Se pou ou ouvè pou direksyon Sentespri. Lespri ou dwe yon pepinyè fèt il kote Pawòl Bondye kapab plante dezi Li pou ou. Kenbe tèt ou nan yon lespri lapriyè tout jounen an. Si ou echwe nan devosyon pèsònèl ou e nan lapriyè, batay pou panse pwòp la fini – dyab la genyen !

Pwoteje panse ou. Ou p'ap toujou kapab kontwòle sa ki antre nan lespri ou pa mwayen je ou oubyen zòrèy ou, men ou dwe trete panse sa yo apre yo antre. Plezi dyab la se pou fè ou fè yon dezyèm koudèy oubyen pou fè ou konsantre sou pawòl e mizik sansyèl.

Kenbe lespri ou konsantre. Gen moman lè anpil konsantrasyon pa nesesè pou travay w'ap fè a. Se moman sa yo pou ou pran prekosyon ak panse ou. Pa kite lespri ou flannen san bi, espesyalman nan plas oubyen sitiyasyon kote ou konnen ou kapab espoze devan tantasyon. Konsantre premyèman sou Bondye e sou karaktè Li. Itilize opòtinite pou panse sou lòt moun e sou bezwen yo.

Mande lòt moun ede ou. Ou antoure avèk moun ki

enterese nan ou : Paran, lidè legliz, kamarad kretyen e zanmi. Si ou fè esperyans echèk nan lavi panse ou, ou pa bezwen lite sèl. Pale avèk yon moun ou konnen ke ou kapab fè konfyans. Rakonte li lit ou yo e mande li pou li pale avèk ou souvan konsènan pwogrè ou. Lè ou konnen ke ou dirèkteman responsab devan li, sa va ede ou gen vikwa.

Pou pitit Bondye a pite se pa yon chwa ; se yon nesesitye pou rete nan amoni avèk Bondye. Pou kont ou, ou pa fò

ase pou gen vikwa. Ou bezwen pouvwa Bondye. Se yon batay pou lavi e ou dwe toujou veye sa ki kapab ba ou panse ki pa pwòp. Se pou Bondye ede ou gen fòs pou batay nan lespri ou kont dyab la.

Atik sa a reyenprime sòti nan Home Horizons
Se yon publikasyon Eastern Mennonite
Itilize avèk pèmisyon

Pouse Tankou Pye Palmis

David L. Martin

« Moun k' ap mache dwat yo pral pouse tankou (pye) palmis » (Sòm 92 :12).

Pye palmis pouse kote lòt pyebwa pa ta menm pran chans viv. Chalè pa twouble li, paske rasin li desann fon nan tè e li jwenn dlo. Lavi li, olye senpleman anba ekòs la, men pito se nan sant li li ye. Nan move tan, li fè ti koube, ti panche, e apre sa li kanpe dwat ankò.

Pye palmis pa senpleman byen pouse ; li donnen anpil menm jan ak kèk lòt pyebwa ki sanble avè l', tankou pye kokoye, pye dat ak plizyè lòt pyebwa. Li posib ke moun ki te ekri Sòm 92 :12 la t'ap panse sou pye dat la, ke Kreyatè a te fè pou beni anpil moun nan nò Afrik ak Mwayenn Oryan. Anpil moun ki pase nan dezè a konte anpil sou fwi sa a pou yo pa mouri. Ala bèl sa te bèl lè pèp Izrayèl te fatige epi yo te jwenn swasann dis pye dat palmis nan Elim (Egzòd 15 :27) lè yo te nan dezè a !

Moun ki te ekri Sòm 92 la te konpare pye palmis tankou kèk moun li te konnen. Olye tann lè bagay yo mache byen, yo pouse nenpòt kote yo ye. Jou sèch oubyen cho pa seche jwa yo. Tanpèt chagren pliye yo, men chagren pa kase yo. Anplis sa, yo pa senpleman pouse poukont yo, men yo viv pou bay lòt. Moun toujou kontan rankontre ak yo.

Lè moun ki te ekri sòm nan t'ap ekri de vèsè ki apre Sòm 92 :12 yo ki di : « Yo te mèt granmoun, y' ap donnen, y' ap toujou vèt, y' ap toujou gen fòs », se posib li t'ap panse sou pye palmis. Plizyè santèn dat grandi nan yon grap. Yon ansiklopedi di : « Yo òdinèman pwodwi omwens 100 liv (45 kilogram) fwi chak ane diran anviwon swasant ane ». Pa gen jou konje pwolonje, ni retrèt bonè pou yon pye palmis ! Sa

sanble ak kèk moun nou konnen ki toujou jwenn yon fason pou yo itil e kontan menm lè nou ta panse jou itil yo t' ap pwoche nan fen yo.

Kouman Bondye fè moun konsa ? Sòm 92 :12 bay yon lide sou sa : sila yo se « moun ki mache dwat ». Kontantman yo pa yon bagay osi senp, tankou nou swiv nan kèk moun jodi a ki byen poli. Moun sa yo renmen Senyè a. Lavi yo nan sant, e fwi donnen sòti ladan.

Lisi te yon jenn fanm tankou yon pye palmis. Li te gen kont pwoblèm pa li. Frè li te mouri nan yon aksidan machin sou gran wout la ; pita li te gen yon pitit ki te mouri. Men yon lòt fanm ki t'ap swiv lavi li yon jou te etone pou wè jan Lisi te toujou genyen kè kontan. Fanm nan te di Lisi : « Ri ankò ! », e Lisi te ri ankò pou li. Fanm nan te di : « Yon bagay sèten, fanm sa a pa t' janm konn gen pwoblèm ».

Benjamin te yon granmoun ki te tankou yon pye palmis. Li te renmen travay. Li te menm rive di : « Mwen renmen travay twòp », men anpil travay te kenbe li jenn e li te ka fè anpil bagay. Fason li te viv senp, fason li te mennen amitye li ak fason li te ankadre moun te kenbe li jenn tou. Li te renmen gen moun bò kote li, e moun te renmen li bò kote yo tou. Jouk jodi a, zanmi li yo gade sou lavi li nan menm fason yon moun ki nan dezè a wè yon pye dat, plen souvni enteresan tankou pye palmis la.

Se pou ou tankou yon pye palmis jodi a. Pran nouriti ou nan Senyè a, e kite defi ak opòtinite ki vin sou wout ou montre ke ou gen yon lavi andedan.

Atik sa a soti nan Home Horizons, July 2010
Itilize avèk pèmisyon